Landstinget Kronoberg

# Валар

Нагахь валар чохь волуш, я чуьра ара ваьллачу хенахь нисделлехь, СОС-аларме (112), я вордцентрале, я дежурни лоьре зIаьй тоха. Лоьран хьажар оьшу валар билгалдаккха, иштта а валар нисдаларх лаьцна справка яккхан а. Ишттачу хьолан Крунуберг областан кхеташон а, полицин а кечйина юкъара принципаш ю.

Нагахь валар больницехь, я кхечу иштачу меттехь нисделлехь, цигахь йолчу персоналан тIе дахьа таро ю муьлха а долу шен хаттар а, кхин долу хьашт а. Иштта а леш волчуна тIехIотта а, вистхила а таро хуьлу цигахь. Цул тIаьхьа цхьа 2 сахьт даьлча веллачун дакъа морге дIахьо.

**ЭтIор**

Наггахь дакъа этIон оьшуш хила тарло, валаран бахьан гучадаккхар Iалашонца. Иштта а, наггахь этIор оьшуш хуьлу веллачун цамгарех лаьцна долчу хаттаршна жоп дала дезарна. Жоьпаллин лор веллачун/еллачун нахаца дага волу цуьнан дакъа этIадале. Иштта а дакъа этIоран шен бехкамаш а ду законехь яздина.

**Дакъа д1адоллар а, д1адахьар а**

Валар лоьро цIахь билгалдаьккхинехь, я иза больницехь нисделлехь, веллачун/еллачун неха таро ю дакъа дIадерзон гIайгIа бан (масала, *begravningsentreprenör*-е бистхила). Больницан персонало цу хьокъехь массо хаттарна жоп ло. Дакъа дIадерзош болучара (begravningsentreprenör-ас) машенац дерг а, оьшучу хIуман хьехам бар а, дакъа дIадуллуш гIо дар а шайна тIелоцу. Иштта а цаьрца дагавала таро ю нагахь валар кхечу махкахь волуш нисделлехь, я веллачун дакъа кхечу махка дIадахьа дезаш делахь.